



**BREAD**

# Ou pa ka achte ase manje? **An nou tchat.**

**RELE NIMEWO: 1 (800) 645-8333**

**Lendi-Vandredi: 8am-7pm    Samdi: 10am-2pm**

Kèlkeswa sa ou ap traverse, nou konprann ke manje se yon nesesite. Nou vle ede w. PROJECT BREAD ka mete w an kontak ak pwogram ki pral ede w fè pwovizyon epi mete manje sou tab la. Toujou gratis epi konfidansyèl pou tout rezidan Massachussetts yo, konseye nou yo pare pou ede moun k ap rele yo nan 180 lang.

---

## **SNAP (Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman tè)**

Snap se yon pwogram nitrisyon federal (ki te rele food stamps anvan) ki bay bourad lajan chak mwa pou achte manje angwo. Èske ou kalifye? Chèche konnen jodi a epi jwenn èd pou aplike.

## **Manje Gratis pou Timoun Ak Adolesan**

Tout timoun ki gen laj 0-18 tan, epi nan kèk kote timoun ki gen jiska laj 21 lane kapab resevwa manje gratis pou al lakay nan plis pase 100 kote nan tout eta. Enskripsyon oswa I.D. pa obligatwa. Jwenn yon kote ki bay manje gratis toupre w.

## **Depo Manje**

Si ou bezwen manje touswit kounye a, nou kapab voye ou nan pwogram manje an ijans ki toupre ou, tankou depo manje ak pwogram repa.

## **Referans nan Lòt Resous**

Nou kapab ede ou jwenn lòt sipò, tankou referans nan WIC (yon pwogram nitrisyon federal pou Fanm, Tibebe ak Timoun), lojman ak èd pou peye sèvis piblik.



**Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nimewo:**

